दिन—गुरूवार दिनांक—14.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे दरभंगा हवाई अड्डाक नामकरण कवि कोकिल विद्यापति के नाम पर कयल जायत। श्री चौधरी आइ दरभंगा हवाई अड्डाक सुरक्षा केन्द्रीय औद्योगिक सुरक्षा बल के हस्तांतरित कयल जयबाक अवसर पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे भारतीय विमानपत्तन प्राधिकरणक अधिकारी लोकनिक संग होबयवला बैसक मे दरभंगा हवाई अड्डा के अंतर्राष्ट्रीय हवाई अड्डाक रूप मे विकसित करबाक मांग करताह। श्री चौधरी जिलाक शोभन मे एम्सक निर्माण काजक प्रगतिक समीक्षा कयलनि। संगहि, ओ डीएमसीएच मे चलि रहल काजक प्रगति के लऽकऽ सेहो अधिकारी सभक संग विचार—विमर्श कयलनि।

---

पटना, अररिया, किशनगंज, बेगूसराय, पूर्णियां आ कटिहार जिला मे आइ नागरिक सुरक्षा अभ्यासक अंतर्गत ब्लैक आउट मॉक ड्रिलक आयोजन कयल जायत। मॉक ड्रिल सांझ सात बजे सँ सात बाजि कऽ पंद्रह मिनट धरि आयोजित होयत। एहि दरमियान आपातकालीन सेवा सभ के छोड़ि कऽ सभ सार्वजनिक लाईट बंद कऽ देल जायत। प्रशासन लोक सभ सँ मॉक ड्रिल मे सहयोगक अपील कयलनि अछि।

---

बिहार विधान परिषदक भोजपुर सह बक्सर स्थानीय प्राधिकार सीटक लेल भेल उपचुनाव मे महागठबंधन समर्थित राजद उम्मीदवार सोनू कुमार राय जीत दर्ज कयलनि अछि। ओ एनडीए समर्थित जदयू प्रत्याशी कन्हैया प्रसाद के कड़गर मोकाबिला मे हरौलनि। ई सीट पूर्व एमएलसी राधाचरण साह के विधानसभाक लेल निर्वाचित होयबाक बाद रिक्त भेल छल। उपचुनाव मे करीब संतानवे दशमलव नओ छओ प्रतिशत मतदान भेल छल। परिणाम घोषित होयबाक बाद राजद कार्यालय मे नेता आ कार्यकर्त्ता लोकनि खुशी मनौलनि।

---

तेल कंपनी सभ आब दस लाख सँ बेसी आयवला उपभोक्ता सभ के गैस सब्सिडी नहि देत। एहि संबंध मे आईओसीएल, बीपीसीएल आ एचपीसीएल कंपनीक दिस सँ उपभोक्ता सभ के निबंधित मोबाईल पर ई संदेश पठाओल जा रहल अछि। बिहार राज्य एलपीजी वितरक संघ सँ प्राप्त जनतबक अनुसार तेल कंपनी सभक दिस सँ पठाओल जा रहल संदेश मे सात दिनक भीतर प्रतिक्रिया मांगल गेल अछि। जौं उपभोक्ता आपत्ति नहि जतबैत छथि तऽ हिनका सभ के गैस सब्सिडी बंद कऽ देल जायत।

---

एयर इंडिया अंतर्राष्ट्रीय उड़ानक संख्या मे कमी अनबाक निर्णय कयलक अछि। एहि लेल विदेशी मार्ग पर किछु सेवा अस्थाई रूपें रोकि देल गेल अछि। ई निर्णय वायु क्षेत्र नियंत्रण आ विमान ईंधनक ऊँच दाम के देखैत कयल गेल अछि। ई कटौती एहि वर्ष जून सँ अगस्त धरिक लेल होयत।

---

मौसम विभाग आइ उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व जिला पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सीवान, सारण, अररिया, किशनगंज, पूर्णियां, कटिहार, मधेपुरा आ सहरसा मे मेघगर्जन आ वज्रपातक संग वर्षाक संभावना जतौलक अछि। ओतहि, एहि अवधि मे चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ धूलभरल अन्हर–बिहारि सेहो आबि सकैत अछि।

---

पूर्वी चंपारण जिलाक छतौनी थाना क्षेत्रक बरियारपुर सँ जिला आसूचना आओर एसटीएफ के टीम एक ऑटो रिक्सा सँ पांच हथियार तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। मुजफ्फरपुर जिलाक मोहम्मदपुर खाजी गाम मे पुलिस छापेमारी कऽ शराब बनेबाक फैक्ट्रीक उद्भेदन कयलक अछि। मौका सँ एक व्यक्तिक गिरफ्तारी भेल अछि।

किशनगंज जिला अंतर्गत भारत–नेपाल सीमाक गलगलिया थाना क्षेत्र अंतर्गत सशस्त्र सीमा बल आ स्थानीय पुलिसक संयुक्त कार्रवाई करैत भारी मात्रा मे ब्राउन सुगर आ भारतीय, चीन, कतर आ सऊदीक करेंसीक संग एक आरोपी के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

मधेपुरा जिला पुलिस अधीक्षक संदीप सिंह काज मे लापरवाही करबा आ जनताक शिकायतक प्रति नकारात्मक रवैया के लऽकऽ तीन थानाध्यक्ष के निलंबित कऽ देलनि अछि। एहि मे भर्राहीक अरमोद कुमार सिंह, बिहारीगंज के कृष्ण कुमार सिंह आ पुरैनी थानाक चंद्रजीत प्रभाकर सम्मिलित छथि।

अररिया सदर अस्पताल मे नागरिक सुविधाक विस्तार कएल जाएत जिलाधिकारी विनोद दूहन के अध्यक्षता मे रोगी कल्याण समितिक बैसक मे ई बातक जनतब देल गेल।

---

समाप्त